

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, analisis jeung pedaran ngeunaan “Modél *Scramble* dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas X-1 MA Al-Maa’uun Taun Ajar 2023/2024)”. Tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, bisa dicindekeun kayaning ieu di handap.

Kamampuh ngaregepkeun dongéng samémeh maké modél *scramble* asup kana katégori kurang mampuh, anu rata-ratana nyaéta 65,2 (65,20%). Kamampuh ngaregepkeun dongéng samémeh maké modél *scramble* dumasar kana aspék téma rata-rata peunteun 0,64 (64%) katégori can mampuh, aspék palaku 0,48 (48%) katégori can mampuh, aspék watek 1,68 (84%) katégori mampuh, aspék galur 0,48 (48%) katégori can mampuh, aspék latar 2,64 (66%) katégori can mampuh, sarta aspék amanat 0,6 (60%) katégori can mampuh. Ku kituna, kamampuh ngaregepkeun dongéng samémeh maké modél *scramble* asup katégori can mampuh.

Sanggeus maké modél *scramble* ngaronjat jadi 84 (84%), hartina asup kana katégori mampuh. Kamampuh ngaregepkeun dongéng sanggeus maké modél *scramble* dumasar kana aspék téma rata-rata peunteun 1 (100%) katégori mampuh, aspék palaku 0,96 (96%) katégori mampuh, aspék watek 1,84 (96%) katégori mampuh, aspék galur 0,88 (88%) katégori mampuh, aspék latar 2,84 (71%) katégori can mampuh, sarta aspék amanat 0,88 (88%) katégori mampuh. Ku kituna, kamampuh ngaregepkeun dongéng sanggeus maké modél *scramble* asup katégori mampuh.

Bédana kamampuh samémeh jeung sanggeus maké modél *scramble* dumasar kana aspék unsur-unsur dongéng, unsur téma rata-rata peunteun *pretest* 0,64 (64%) ngaronjat dina *posttest* jadi 1 (100%). Unsur palaku rata-rata peunteun *pretest* 0,48 (48%), ngaronjat dina *posttest* jadi 0,96 (96%). Unsur watek rata-rata peunteun *pretest* 1,68 (84%), ngaronjat dina *posttest* jadi 1,84(92%). Unsur galur rata-rata peunteun *pretest* 0,48 (48%), ngaronjat dina *posttest* jadi 0,88 (88%). Unsur latar

rata-rata peunteun *pretest* 2,64 (66%), ngaronjat dina *posttest* jadi 2,84 (71%). Unsur amanat rata-rata peunteun *pretest* 0,6 (60%), ngaronjat jadi dina *posttest* jadi 0,88 (88%). Ku kituna, dicindekeun dumasar kana unggal aspek aya bédha anu signifikan.

Dumasar hasil uji normalitas jeung uji nu hasilna nuduhkeun aya bédha anu signifikan dina kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajar 2023/2024 antara saméméh jeung sanggeus ngaregepkeun dongéng maké modél *scramble*.

5.2 Implikasi

Ayana modél pangajaran *scramble* méré implikasi anu hadé pikeun pangajaran ngaregepkeun dongéng jeung bisa ditarima ku siswa. Larapna modél pangajaran *scramble* ogé mantuan guru sangkan pangajaran leuwih variatif. Sabab modél pangajaran *scramble* miboga sifat anu kompétitif sangkan ngajieun siswa leuwih konséncrasi, aktif, kréatif, gampang maham kana pangajaran anu ditepikeun sarta modél pangajaran anu nungtut siswa pikeun mikir gancang dina diajar.

5.3 Rékomendasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan modél *scramble* pikeun mikanyaho kamampuh ngaregepkeun dongéng ka siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajar 2023/2024, aya sababaraha rékoméndasi pikeun modél pangajaran *scramble* kayaning diwincik ieu di handap:

1. modél pangajaran *scramble* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng kabukti bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas X-1 MA Al-Maa'uun taun ajar 2023/2024. Ku kituna, ieu modél pangajaran *scramble* bisa dipaké ku guru dina pangajaran di kelas, boh dina mata pelajaran basa Sunda atawa mata pelajaran séjénna;
2. dina ngalarapkeun modél pangajaran *scramble* kudu maham kana léngkah-léngkah pangajaran modél *scramble*, ngararancang sing asak pikeun

- pangajaran di kelas jeung kudu bisa ngondiskeun kelas, sabab modé'l *scramble* ngalarapkeun metode pangajaran *game* dina diajarna;
3. pikeun panalungtik salajengna, sangkan leuwih lega ambahanna bisa maké metode anu séjén nya éta metode ékspérimén murni.